Aleksandr Makedonskiy (Iskender Zulxarnayn), Áplatun (Platon), Árastun (Arestotel), Oǵuz xan, Shıńǵıs xan, Xoja Axmed Yassawiy, Hákim ata (Sulayman Baqırǵaniy) hám t.b. haqqındaǵı ańızlarda tipologizmler mifologiyalıq baǵdardaǵı syujetlerde óz sáwleleniwlerin tapsa, XVIII-XIX ásirlerde payda bolǵan Maman biy, Aydos biy, Ernazar alakóz, Abılay, Sırım, Isatay-Maxambet t.b ańızlarda real tipologiyalıq motivlerdi jiyi ushıratamız. Bul tábiyǵıy halat bolıp, xronologiyalıq jaqtan olardıń mazmunlarına názer taslaǵanımızda dáwirlik qatlamlardıń kem-kemnen abstrakt túsiniklerden real túsiniklerge bet burıp kiyatırǵanlıǵınıń guwası bolamız.

Tariyxıy ańızlarda qaraqalpaq hám qazaq xalqınıń birneshe ásirlik turmısı tuwralı maǵlıwmatlar beredi.

Tipologiyalıq motivler diniy baǵdardaǵı ańızlardan da orın alǵan. Olarda áyyemgi totemlik, animistlik, shamanlıq kózqaraslar sóz etilip, kóshpeli, awıspalı syujetler tásirinde diniy túsiniklerdi sáwlelendiriw ushın paydalanıladı. Ásirese, Orta ásirlerge kelip islam dininiń túrkiy xalıqlar ortalıǵında keń en jayıwı jańa baǵdardaǵı syujetlerdi payda etti hám burınnan qáliplesip, rawajlanıp kiyatırǵan syujetlerge jańa tipologiyalıq sıpatlamalar berilip olardı úgit-násiyatlaw jumısların jedellestiriw hám tásirsheńlik ózgesheliklerin arttırıwdı óz aldılarına wazıypa etip qoydı.

**Juwmaq.** Ulıwma, qaraqalpaq hám qazaq xalıq prozasındaǵı ańız janrında qollanılatuǵın tipologiyalıq usıllar áyyemgi dáwirlerden beri qarayǵı hár qıylı jámiyetlik qatlamlardıń ózine tán ózgesheliklerin mazmunlarına sińirgen hám olarǵa milliy tús bergen, etnikalıq óz ara mádeniy, tariyxıy, ekonomikalıq baylanıslar nátiyjesinde bayıtılǵan waqıyalardı, obrazlardı, syujetlerdi jergilikli shárt-sharayatlarǵa ılayıqlastırılǵan ózgeshelikleri menen daralanıp turadı.

**Ádebiyatlar**

1. Ábdimuratov Q. Nege usılay atalǵan? – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1965.
2. Bahadırova S., Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq ańızları, ápsanaları hám sheshenlik sózleri. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1992.
3. Musina Ǵ. Ózbek xalq dostonlarida Xotin qizlar obrazi. – Toshkent: «Fan», 1983.
4. Путилов В.Н. Типология фольклорного историзма. В кн. Типология народного эпоса. – Москва: «Наука» 1975.
5. https://anyz.pushkinlibrary.kz/ru/iz-ust-v-usta/legenda-o-kozy-korpesh-i-bayan-sulu/

**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq va qozoq folkloridagi tipologiya masalasi muhokama qilinadi. Qoraqalpoq va qozoq rivoyatlari tahlil qilingan. Xalq og‘izaki ijodiyotida rivoyatlarining tipologiya masalasi haligacha o‘rganilmagan, ayniqsa, qoraqalpoq va qozoq rivoyatlarining tipologiyasi, tipologik syujetlar, tipologik obrazlar tadqiqot obyektiga olinmadi. Qoraqalpoq va qozoq xalq rivoyatlarini qiyosiy o‘rganish ishlari haligacha dolzarb mavzu. Sulton Saroy, Aqsha kól, Guldursun, Ketenler, Kozi Ko‘rpesh va Bayan suluv va boshqa rivoyatlar bu maqolada tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается проблема типологии каракалпакского и казахского фольклора. Анализируются каракалпакские и казахские предания. Проблема типологии преданий в устном народном творчестве до сих пор не изучена, особенно типология каракалпакских и казахских преданий, типологические сюжеты, типологические образы не были учтены в исследовании. Сравнительное изучение каракалпакских и казахских народных преданий по-прежнему остается актуальной темой. В данной статье анализируются сказки «Султан Сарай», «Акша Кол», «Гульдурсун», «Кетенлер», «Козы Корпеш», «Баян Сулув» и другие преданий

**SUMMARY.** This article discusses the issue of typology in Karakalpak and Kazakh folklore. Karakalpak and Kazakh tales are analyzed. The issue of typology of tales in oral folk art has not yet been studied, especially the typology of Karakalpak and Kazakh tales, typological plots, typological images have not been taken into account in the research. Comparative studies of Karakalpak and Kazakh folk tales are still a relevant topic. Sultan Saray, Aksha Kol, Guldursun, Ketenler, Kozı Korpesh and Bayan Suluv and other tales are analyzed in this article.

## «ЕР ҚОСАЙ» ДӘСТАНЫНДА ТЕҢЕЎЛЕРДИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Қ.О.Бекбаулиев –** *еркин излениўши*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** достон, сюжет, образ, бадиий тасвирий восита, ўхшатиш, ғоя, диалог.
**Ключевые слова:** эпос, сюжет, образ, художественно-изобразительное средство, сравнение, метафора, идея, диалог.
**Key words:** epic, plot, image, artistic means of expression, simile, metaphor, idea, dialogue.

**Кирисиў.** Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының бири «Ер Қосай»дың сюжетинде идея ҳәм образлардың ашылыўында көркем-сүўретлеў қуралларының бири теңеўлер өнимли қолланылады. Дәстанларда сүўретленип атырған ўақыяны көркем, анық, тәсиршең етип жеткерип беретуғын метафора, метонимия, синекдоха, аллегория, литота, символ сыяқлы бир неше сүўретлеў қураллары бар. Олар илимде троплар деп аталады. Усы троплардың ишинде ең әййемги түри ҳәм өнимли қолланылатуғыны теңеўлер болып табылады. Теңеўлер дәстанлардың сюжетинде жийи қолланылады ҳәм поэтикалық қурал сыпатында зәрүр ўазыйпаны атқарып, образ жаратыўға көмеклеседи. Баянланып атырған ўақыя сюжетиниң көркемлигин тәмийинлейди ҳәм жыраўдың сүўретленип атырған ўақыяға қатнасын, мақсети ҳәм нийетин билдиреди. Олар дәстандағы образлардың тәбиятына сәйкес қолланылып, белгили бир мәниде дәстүрий характерге ийе болып, эпик қәлип сыпатында қолланылады. Теңеў мазмунның ашылыўында әҳмийетли хызмет атқарады.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология**. Профессор Қ.Мақсетов: «Бул салыстырыўлар батырдың зулымлық күшлер үстинен олардың жеңисин тәмийинлеўши күши менен ерлигин айрықша атап көрсетеди. Батырдың күшин қүдиретли ҳайўанлардың күшине теңеў қарақалпақ дәстанларының әййемги элементлери деп айтыўға толық тийкар бар» [2:197], – деп жазған еди. Әййемнен-ақ адамлар айырым ҳайўанлар менен қусларға тотем сыпатында қараған. Оларды кийели деген исенимде сыйынған ҳәм муқаддес деп билген. Сонлықтан да академик В.М.Жирмунский ҳәм профессор Ҳ.Зарифов: «Идеал қаҳарманның ерлиги, мәртлиги, дене күши эпосқа дәстүр болған бир қатар жыртқыш ҳайўанларға теңеў арқалы көринеди. Бул жыртқыш ҳайўанлар ҳалықтың түсиниги бойынша усындай ең жоқарғы жаўынгерлик сыпатларға ийе.

Әййемги заманларда бул сыяқлы теңеўлердиң пайда болыўында белгили бир қәўимниң негизи ҳайўаннан шыққан деген ертедеги тотемистлик түсиниклер де белгили хызмет атқарған болыўы мүмкин» [3:305], – деп жазған еди. Усындай түсиниклер дәстаннан келтирилген мысалда да сәўлелениўин тапқан.

**Тийкарғы бөлим.** «Ер Қосай» дәстанында жыраўдың тилинен ўақыялардың баянланыўы менен бирге, жүдә көплеп диалоглар шеберлик пенен қолланылады. Қурбанбай жыраўдың шеберлиги сонда, дәстан кириспесинде өз ханынан бес жүз әскер алып жаўға атланып баратырған Еркөкшениң әскерлери менен болған диалогын қолланыў арқалы батырлардың шаңарағы менен таныстырады. Мысалы, усы диалогтан Еркөкшениң ҳаялының кимлиги, батырдың оған мүнәсибети айқынласады. Енди усы диалогтың берилиўинде сүўретлеў қуралларының бири теңеўлер шеберлик пенен ислетиледи. Мысалы, Еркөкшениң ҳаялы Әлеўшениң образы қысқа қатарлар менен ашып бериледи. Ер ҳәм ҳаялдың бир-бирине болған муҳаббатының белгиси «Тал жипектей» есилип теңеўи арқалы-ақ билдириледи. Дәстаннан мысаллар келтирейик:

Аўыл елге бас болған,
Қумар көзин жас қылған,
Тал жипектей есилип,
Жас күнимнен қосылған,
Әлеўше мениң ярым бар [1:185]

Усы бес қатар жуўмақта Әлеўшениң аўыл, елге басшылық еткен батыр ҳаял екенлиги, жаўға атланған күйеўиниң тәғдирине қыйналған опадар, гөззал яр екенлиги, ал «Қумар көзин жас қылған» қатары арқалы күйеўин жаўларға қарсы атландырған опадар ярдың кеўил күйи, ишки руўхый кеширмеси сәўлеленеди. Ҳаялдың гөззаллығы образлы түрде «қумар көз» эпитети арқалы жеткерип бериледи. Кейинги қатарларда шаңарақтағы ерли-зайыплылардың көп жыллық турмысы, аўызбиршилиги, муҳаббаты сәўлеленеди.

Теңеўлер еки нәрсени, яки ўақыя, ҳәдийселер ортасындағы өзгешеликти, ямаса образларды бөрттирип, айрықшалық белгисин анығырақ етип көрсетип береди. Сонлықтан да теңеў образларды жаратыўда поэтикалық хызмет атқарады. Мысалы, усы диалогтағы Еркөкшениң бабасы Ғодар ҳаққындағы «Арысландай күши бар, Алпыс үште жасы бар, Мал-дүньяның ийеси, Ғодар деген бабам бар» [1:185] – деген қаҳарманның сөзинде «арыслаңдай» теңеўи арқалы алпыс үшке шыққан Ғодардың батырлық образы сыпатлап бериледи. Сондай-ақ, дәстанларда унамлы қаҳарманлар ғана жыртқыш ҳайўанларға яки қусларға теңелип сүўретленбейди. Ал, унамсыз образларға да усындай теңеў қолланылады. Мысалы, әдиллик ушын урыс алып барған қаҳарманның қарсыласы, душпан жаўларының батырларының күши де ҳәдден зыят күшке ийе етип сүўретленеди. Олар күш жағынан батырдан артық етип сүўретленсе де, кем етип сүўретленбейди. Усы дәстүрий сүўретлеў «Ер Қосай» дәстанына да тән. Мысалы, бул дәстанда тәреплер арасындағы ләшкерлердиң урысын сүўретлеў эпизодында айқын көринеди.

Қалмақлардың әскери,
Қәҳәрленип шақырып,
Қабланлыдай бул залым,
Арыслаңдай ақырып,
Олар да атты қояды [1:191].

Бундай етип батырларды арысланға, жолбарысқа, бөриге (қасқырға), бүркитке салыстырыў, жыртқыш ҳайўанларға яки қусларға теңеў эпик дәстанларда қаҳарманның батырлық образын бөрттирип көрсетиўде жыраўлар қолланатуғын турақлы сүўретлеў қуралы есапланады.

Енди дәстан сюжетинде қолланылған диалог арқалы жыраў Еркөкшениң Ғодар атлы бабасының бар екенлиги менен тыңлаўшыны таныстырады. Соның менен бирге, дәстанларда қаҳарманды яки персонажды ең күшли жыртқыш ҳайўанларға теңеў яки усы теңеўге жақын сүўретлеў қуралы метафоралық мегзетиўлерди қолланыўда да турақлы дәстүрий сүўретлеўлер болып табылады. Усындай дәстанларға тән дәстүрий сүўретлеўлер «Ер Қосай» дәстанында да ушырасады. Мысалда көргенинмиздей Ғодардың батырлық образына исленген қысқаша сыпатламаның тастыйығы дәстанның кейинги сюжетлеринде айқын болады. Сондай-ақ, усы диалогтан дәстанның бас қаҳарманы Еркөкшениң баласы Ер Қосай ҳаққында да эпикалық мағлыўматқа ийе боламыз. Мысалы:

Кейнимдеги айбатым,
Бул дүньяда дәўлетим,
Өзимнен өнген зүриятым,
Айналайын андызым,
Төбемдеги қундызым,
Алтын айдар басында,
Өзи он еки жасында,
Ер Қосай атлы балам бар [1:185].

Усы келтирилген мысалда «айбатым», «дәўлетим», «зүриятым», «андызым», «қундызым» сөзлери метафоралық сүўретлеў усылында аўыспалы мәниде қолланылып, бунда бала (Ер Қосай) әкениң дәўлетине, айбатына, өзинен өсип-өнген зүриятына, жақсы көрген андызына, басындағы қундызына мегзетилип, теңеп көрсетиледи. Көринип турғанындай теңеўлер метафораға жақын сүўретлеў қуралы. Сонлықтан да Аристотель: «Теңеў де метафора, себеби, оның менен метафораның ортасында азғана өзгешелик бар… Барлық жақсы қолланылған метафоралар теңеў, теңеўлер болса метафора бола алады» [4:55-56], – деп теңеў менен метафораның өз ара байланыслылығын көрсетип береди.

Сондай-ақ, «Ер Қосай» дәстанында түркий-монғол халықларының қаҳарманлық дәстанларындағы сыяқлы батыр менен қатарма-қатар ҳәрекет ететуғын көмекши эпик ат образы турады. Дәстан сюжетиндеги душпан күшлерге қарсы алып барылған урыслардағы аттың ҳәрекетлери тереңирек анализ етилсе, оның символлық көриниси өзиниң сәўлелениўин тапқанын көремиз. Соның менен бирге ат дәстанда тийкарғы орынды ийелейтуғын ҳәм қаҳарманның барлық ҳәрекетлеринде қоллап-қуўатлаўшы, жол көрсетиўши ҳәм көмек бериўши образ сыпатында сүўретленеди. Батырдың сапарға шығыў мотивинде аттың тулпарлығын, шабысындағы тезликти сүўретлеўде дәстүрий теңеўлер шеберлик пенен қолланылады. Мысалы:

Еркөкше атқа минеди,
Астындағы тулпары,
Жулдыздай болып ағады.
Сақтыяндай қапақлы,
Қысыр жылан қурсақлы
Қайтпай енди жәниўар,
Ура берди туяқты [1:188].

Аттың шабысын ағып түскен жулдызға, сақтыянға (ийленген териге) теңеў арқалы аттың батырға мүнәсип тулпарлығын тыңлаўшыға жеткерип береди. Теңелип атырған предметлердиң функциясы объекттиң динамикалық көринислерин образластырыўға қаратылады. Аттың тулпарлығына мүнәсип түрде, оның ийесине садықлығы, ғамхорлығы дәстан сюжетинде бастан аяқ идеализацияланып сүўретленеди.

Қурбанбай жыраў ўақыяларды, қаҳарманның ҳәр қыйлы психологиялық ҳалатын, сыртқы пишимин жеткерип бериўде образлы түрде теңеўлерди орынлы қолланып отырады. Мысалы, Ер Қосайдың Ғодар бабасының изине ерип, қыздың елине баратырғандағы көринисин бериўде «Бул баланың жүзи оттай жанады», «Жас баланың бели жайдай бүгилди» [1:200] қатарларында баланың жүзин «отқа», шаршап бели талыққан ҳалатын «жайға» (оқ жайға) теңеўлерин қолланыў арқалы жеткерип береди. «Ер Қосай» дәстанында жыраў қаҳарманның образындағы ҳәр қыйлы ҳалатларды жеткерип бериўде «оттай» теңеўин жийи қолланады. Мысалы, қаҳарман ҳәм персонажлардың ашыўланыўы, ғәзеби келиў пайтындағы кеўил күйин бериўде, мысалы Ағымбайдың тилинен «Ишим оттай жанады» [1:203], Қансулыўдың тилинен «Иши оттай жанады» [1:232], жеңгесиниң ашыўланыў ҳалатын «Бетлери оттай жанады» [1:206], ләшкерлердиң дағдарысқа түскен, психологиялық ҳалатын «Өлим жаман, иши оттай жанады» [1:216], батырдың қарсыласы менен урысындағы ҳалатын бериўде «Оттай көзи жанады» [1:221], патшаның ызаланыў, ашыўланыў ҳалатын «Күйип оттай жанады» [1:226] теңеўлери менен береди. Белгили болғанындай оттың жасын тезлигинде лаўлап жанатуғынлығы аян, сонлықтан да қаҳарман яки персонаждың ҳәр қыйлы жағдайға түскен руўхый ҳалатын оттың жаныўына теңейди. Усы сыяқлы тезлик пенен жүз берген ўақыяны аса бөрттирип гиперболалық характерде, метафоралық мегзетиўлер менен образлы түрде теңеўлерди қолланыўда жийи ушырасады. Мысалы, Ағымбайдың тилинен қанның ағыўын «Суўдай қаның ағады» [1:203], жеңилген жаў ләшкерлериниң көринисин «Суўдай қанлар ағады» [1:225], шашы ағарған ғаррылықтың белгиси Ғодар бабаның тилинен «Қуўдай болған шашым бар» [1:204], қыздың сулыў портретин «Бадамдай болған қабақлы…», «Ҳүрдиң баласы сыяқлы» [1:207], персонаждың кеўил-күйи ҳәм ишки сезим туйғысының ҳалласлаўын дәрьяға теңейди «Дәрьядай кеўли ҳалласлап» [1:207], батырдың кеўли тасқан қуўанышлы жағдайын «Дәрьядай кеўлим тасып» [1:219], аттың кеўил күйин адам тақылетинде береди «Аттың кеўли дәрья киби тасыпты» [1:217], Ер Қосайдың келбетин «Алишердей балам сениң келбетиң» [1:212], жасының үлкенлигин «Аш гүзендей жасы бар» [1:223], Ғодардың ҳәдден тыс үлкенлигин дәўге теңейди «Дәўдей еди бул баба» [1:224], батырдың бурылып қараўын «Талдай бетин бурады» [1:232], Минсиз исленген исти «Мүлтиги жоқ оң қолдай» [1:234], Айкөкшени душпанлардың өлтириўин «Айкөкшениң айдай жүзин солдырған» [1:251] т.б. теңеўлер көплеп қолланылады. Көринип турғанындай теңеўлер адамның ҳәр қыйлы ҳалатын, ўақыя яки ҳәдийсени дәлиллеў усылы сыпатында қолланылады. Өнимли сүўретлеў қуралы болған теңеўлер «…дәстанның идеясы ҳәм образлары менен байланысқан, оларда дәстанды дүзиўшилердиң тилеги ҳәм ең жарқын қыяллары жәмлестирилген» [2:199] болады. Сондай-ақ, теңеўлер көпшилик тропларда еки предметти салыстырғанда, бириниң өзгешелиги екиншисине өткенде көринеди. Мысалы,

Кәмбағалды қан жылатып бүлдирген,
Айкөкшениң айдай жүзин солдырған,
Атаң еди жалғаншыда Еркөкше,
Ҳийле менен ол муңлыны өлтирген [1:251].

Мысалдың биринши қатарында фразеологиялық бирлик қолланылыў арқалы метафоралық сүўретлеў усылы менен жаўдың елди бүлдирип, адамларды өлтириўи «қан жылатып» сүўретлеўи менен берилген. Бунда душпанның жаўызлығы менен Айкөкшениң өлими салыстырылып, ел қорғаны Айкөкшениң унамлы образы «айдай» теңеўи менен ашып бериледи.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтканда «Ер Қосай» дәстанында қолланылған теңеўлер идеялық мазмунның ашылыўында, образлардың жасалыўында көркемлик хызмет атқарғанлығын көремиз.

**Әдебиятлар**

1. Қарақалпақ фольклоры. 20 томлық. XVII том. «Шийрин-Шекер», «Жаскелен», «Ер Қосай», «Ҳажы-Гирей». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. – Ташкент: «Фан», 1965.
3. Жирмунский В.М., Зарифов Ҳ.Т. Узбекский народный героический эпос. – Москва: «Художественная литература», 1947.
4. Аристотель. Поэтика. –Ленинград: «Akademiya», 1927.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ қаҳрамонлик достони «Ер Қўсай»нинг сюжетида бадиий тасвирий восита ўхшатишларнинг функцияси ва қўлланилиш ҳусусияти тадқиқ қилинади. Достон сюжетида ўхшатишларнинг ғоявий мазуннинг очилишида ва образларнинг ясалишидаги хизмати мисоллар билан сифатлаб берилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье исследуется функция и особенности использования сравнений, являющихся средством художественного изображения в сюжете каракалпакского героического эпоса "Ер Косай." В сюжете дастана роль сравнений в раскрытии идейного содержания и создании образов описывается примерами.

**SUMMARY.** The article explores the function and features of using comparisons as a means of artistic depiction in the plot of the Karakalpak heroic epic "Yer Kosay." In the plot of the dastan, the role of comparisons in revealing the ideological content and creating images is described with examples.

## ATAMA – SÍRTQÍ KOMPOZICIYANÍŃ BIR BÓLEGI SÍPATÍNDA

**(Qaraqalpaq povestleri mısalında)**

**Z.U.Bekbergenova –** *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor*
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı*

**Tayanch so'zlar:** povest, kompozitsiya, syujet, sarlavha, mazmun va shakl, muallif g'oyasi, struktura, arxitektonika, obraz.
**Ключевые слова:** повесть, композиция, сюжет, заглавие, содержание и форма, авторская идея, структура, архитектоника, образ.
**Key words:** story, composition, plot, title, content and form, author's idea, structure, architectonics, image.

**Kirisiw.** Qálegen janr shıǵarmalarında meyli poeziyalıq, meyli prozalıq yamasa dramalıq shıǵarmalarda kompoziciya dúziw áhmiyetli xızmet atqaradı. Lekin, ádebiyattıń túr hám janrları óziniń tábiyatına qaray hár qıylı